VOLIM 8 / 30 SEPTANM 2026

HORNETS BUZZ

Bilten Ofisyèl Lekòl Katolik Holy Family

N ap grandi ansanm nan ekselans, sèvis ak entegrite.

📸 PRAN NAN KAMERA!



Felisitasyon ak Elèv Mwa a pou mwa septanm nan!

Nou vrèman fyè de "Hornets" sa yo ki distenge tèt yo grasa travay di yo, bon atitid yo, ak detèminasyon yo genyen pou yo bay pi bon rannman yo chak jou. Kontinye briye epi bay lòt moun yon bon egzanp!

VANT ATIK KI TE DEJA SÈVI (PTSO)



Òganizasyon Paran, Pwofesè ak Elèv nou an (PTSO) pral òganize yon vant atik ki te deja sèvi (men ki toujou an bon eta) nan dat 24 Oktòb la!

Kounye a, n ap resevwa don atik ki te deja sèvi men ki toujou an bon eta pou ede fè aktivite pou ranmase lajan sa a yon siksè. Si ou ta renmen fè yon don, tanpri pote atik ou yo nan biwo lekòl la anvan dat 16 Oktòb la.

Mèsi dèske w ap sipòte PTSO nou an epi w ap ede nou ranmase lajan pou kominote lekòl nou an!



ANSÈYMAN SOSYAL KATOLIK: LAVI AK DIYITE MOUN

Tèm Ansèyman Sosyal Katolik nou pou mwa Oktòb la se "Lavi ak Diyite Moun." Pandan tout mwa a, elèv yo pral aprann ke chak moun fèt dapre imaj ak resanblans Bondye, e yo merite pou yo apresye yo, respekte yo, epi pran swen yo.

Antanke kominote lekòl, elèv yo pral gen opòtinite tou pou yo mete ansèyman sa a an pratik grasa kanpay koleksyon lajan "Ti Boutèy Bebe" nou an. Nou ankouraje elèv yo pote pyès monnen ak don pou ede ranpli ti boutèy bebe ki nan klas yo. Lajan yo pral ranmase a pral sèvi pou ede fanm ansent ak manman ki nan bezwen.

Mèsi dèske w ede nou anseye elèv nou yo ke menm ti jès jenewozite ka fè yon gwo diferans nan lavi lòt moun.



EVÈNMAN K AP VINI YO

2 Oktòb:
1:00 p.m. – Elèv yo ap soti bonè
Pa gen aktivite apre lekòl

9 Oktòb:
Fen premye trimès la

11 Oktòb:
Mès pou Lekòl Dimanch

12 Oktòb:
Jounen fòmasyon pwofesyonèl pou anseyan yo
Pa gen lekòl pou elèv yo

13 Oktòb:
Dezyèm trimès la kòmanse

14 Oktòb:
Yo voye bilten nòt premye trimès la bay paran yo

16 Oktòb:
Seremoni pou elèv ki gen bon rezilta (Honor Roll) nan premye trimès la

21 Oktòb:
Jounen foto LifeTouch

28 - 30 Oktòb:
Selebrasyon "Red Ribbon Mini Week"

2 - 6 Novanm:
Fwa liv Scholastic

52 JOU ANVAN SELEBRASYON 75YÈM ANIVÈSÈ NOU AN!



📅 MAKE DAT LA NAN KALANDRIYE W:
SAMDI 21 NOVANM 2026

VIN JWENN NOU POU N ONORE ISTWA RICH NOU,
SELEBRE KOMINOTE LEKÒL NOU AN,
EPI GADE AVÈK ESPWA NAN DIREKSYON
LAVNI HOLY FAMILY.



Misyon nou se bay yon edikasyon bon kalite ki chita sou sakreman yo ak valè Levanjil yo. Nou vize temwaye lafwa katolik nou atravè ekselans akademik, sèvis kominotè, ak entegrite, yon fason pou elèv nou yo jwenn kapasite pou yo rive nan tout potansyèl yo.